**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство просвещения, науки и по делам молодежи Кабардино-Балкарской Республики**

**Управление образования Урванского муниципального района**

**Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение**

**«Средняя общеобразовательная школа №2» с.п.Кахун**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| На заседании МО | Зам. директора по УВР | Директор |
| Шугушкова О.Х. | Нагацуева Ф.А. | Гетокова Р.Ю. |
| Протокол № 1 | от " 30" августа 2023 г | Приказ №95/7 |
| от "28" августа2023 г. | | от"30"августа2023г |

***Рабочая учебная программа***

***Родной язык и литературное чтение на родном языке***

***(образовательная область)***

***(Кабардино-черкесский язык (родной ))***
***(наименование учебного курса)***

***II ступень***
***7«Б»класс***

***(ступень образования, класс)***

***на 2022-2023 учебный год***

***Бекшокова Лялюся Султановна***

**Адыгэбзэ**
**7 класс**
**Зыубзыху тхыгъэ**

**Программэр зэхэгъэуващ**

**1.** АдыгэбзэмкIэ зэрылажьэ программэр зэхэгъэуващ мы къэкIуэну нормативнэ тхылъхэр и лъабжьэу:

- Урысей Федерацэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ 2012 гъэм декабрым и 29-м къищта федеральнэ закон № 273- ФЗ-р, (ред. от 29.12.2014) "Об образовании в Российской Федерации" (с изм. и доп., вступ. в силу с 06.05.2014);
- «О республиканском комплекте учебников», от 18 июля 2011 г. N 67-РЗ
- «О республиканской целевой программе «Модернизация учебной книги на национальных языках на 2007-2011 годы», от 21 ноября 2007 года N 83-РЗ
- Закон КБР от 24 апреля 2014 года № 23-РЗ (ред. от 03.04.2014 года № 71-РЗ) «Об образовании»;
- Приказ МОН КБР от 30.06.2015 года №676 «Об утверждении республиканского базисного учебного плана для образовательных учреждений КБР на 2015-2016 учебный год »;
- Санитарно-эпидемиологическэ правилэм и нормативхэу СанПиН 2.4.2.2821-10 «Санитарно-эпидемиологические требования к условиям и орга низации обучения в общеобразовательных учреждениях», зарегистрированные в Минюсте России 3 марта 2011 года, регистрационный номер 19993;
- Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ Министерствэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ IуэхущIапIэхэм 2015-2016 гъэ еджэгъуэм зэрегъэджапхъэу къыхиха тхылъхэмкIэ къищта унафэр, ( от 31 марта 2014 года № 253)(ред. От 08.06.15 года)
- Муниципальнэ Къэхъун курыт еджап1э № 2-м зэхигъэува зэрылажьэ программэм теухуа ФКГОС ООО и положенэм ипкъ итк1э сентябрым и 1-м 2011 гъэм къищта унафэ №34 -р
- Муниципальнэ Къэхъун курыт еджап1э № 2-м 2018-2019 гъэ еджэгъуэм зэрылажьэ учебнэ планым ипкъ итк1э

2. Программэр зэхэгъэуващ «Адыгэбзэмк1э программэхэр» Авторхэр: Джаурджий Хь.З.,Къэмбэчокъуэ 1.М. Налшык, 2010 гъэм къыщыдэк1ам тету

**Адыгэбзэр джыным и мыхьэнэр**

Адыгэбзэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыбзэхэм ящыщ зыщ. Ар еджак1уэм нэсу зэрищ1эм, и бзэм, гъащ1эм къызэрыщигъэсэбэпыфым куэдк1э елъытащ псынщ1эурэ зызыхъуэж гъащ1эм щигъуэтыну ехъул1эныгъэхэр. Абы и лъэныкъуэк1э инщ адыгэбзэр егъэджыным и мыхьэнэр. Еджак1уэм дуней псор зэрилъагъур, зэрызэхищ1эр къыдалъхуа и анэбзэрщ. Апхуэдэу щыщытк1э, а бзэм и щэху нэхъыбэ ищ1эхук1э, и акъылми, гупсысэми зеужь.

**3. Ебланэ классым адыгэбзэр щегъэджыным къалэну къегъэув:**

- Къабзэу псэлъэнымк1э, тхэнымк1э, гъэхуауэ къеджэнымк1э я1э зэф1эк1хэмрэ есэныгъэхэмрэ хэгъэхъуэныр;
- Псалъэм и къарур зыхащ1эу, дэтхэнэ зы псалъэри къыхахыфрэ къагъэсэбэпыфу гъэсэныр;
- Иджырей бзэщ1эныгъэм щыщу гуры1уэныгъэ еянэ классым ехьэл1ахэр, абы ипэк1э яджахэр кууэ егъэщ1эныр, бзэм гъащ1эм щи1э мыхьэнэшхуэм, бзэм и зыужьык1эм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм щыгъэгъуэзэныр.
- Я логическэ гупсысэк1эм зегъэужьыныр:
- Бзэр къулеягъэ ину зэрыщытыр, ар лъэпкъым и псэу, и дунейуэ зэрыщытыр зыхегъэщ1эныр;
- Ц1ыхугъэм, гущ1эгъулыныгъэм хуэгъэсэн, нэгъуэщ1 лъэпкъ культурэхэм, динхэм шы1эныгъэрэ зыхэщ1ык1рэ хуа1эу гъэсэныр

- Иджыпсту щы1э информационнэ къулеягъым хэплъэфу, зыхуейр хуэ1эзэу къагъэсэбэпыфу егъэсэныр.
- 

**4.Адыгэбзэр егъэджыныр къызэгъэпэщыпхъэщ компетентностнэ (лъэк1ыныгъэхэм зезыгъэужь ) бгъэдыхьэк1эм тету. Абы тещ1ыхьауэ еянэ классым зыщаужь**:

- коммуникативнэ (зэрызэгуры1уэ, зэрызэпыщ1а) компетенцэхэм,
- лингвистическэ (бзэщ1эныгъэ) компетенцэхэм,
- культуроведческэ компетенцэхэм.

Еянэ классым щеджэ еджак1уэхэм адыгэбзэмк1э ягъэзэщ1апхъэ лэжьыгъэхэр, я зэф1эк1хэр, щ1эныгъэр егъэф1эк1уэнымк1э ахэр зыхуэунэт1ахэр ( компетенцэ елъытауэ)

- Щ1эныгъэм и ф1агъыр къэзыгъэлъагъуэ унэт1ыныгъэхэр:

  - предметымк1э ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр ( предметные компетенции)
  - гъащ1эм, ц1ыхухэм яхэтынымк1э ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (социальные компетенции)
  - культурэ куэдым хэзэгъэнымк1э, ар зыхащ1энымк1э ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр ( поликультурные компетенции)
  - информацэ зэхуэхьэсыным, абы и къэгъэсэбэпык1эм ехьэл1ауэ ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (информационные компетенции)
  - гъэсэныгъэ елъытауэ ягъуэт лъэк1ыныгъэхэр (общекультурные компетенции).

Еянэ классым щадж темэхэм къыдэк1уэу еджак1уэхэм академическэ грамматикэм и 1ыхьэ куэдыр нэхъ кууэ ядж, абы къыхэк1ыу 1эмал имы1эу езыр-езыру ялэжьхэр, творческэ проектхэр, бзэм теухуа къэхутэныгъэхэр нэхъыбэу хэгъэхьэпхъэщ.

**5. Еянэ классым адыгэбзэмк1э и программэр джыным сыхьэт 68-рэ хухах, тхьэмахуэм сыхьэтит1 ирет.**

- **Адыгэбзэр щебгъаджэк1э къэбгъэсэбэп хъунущ мы къэк1уэну 1эмалхэр (методхэр):**
- Къэхутэныгъэ, проектнэ, зэгуры1уэныгъэ, продуктивнэ, репродуктивнэ, проблемнэ егъэджэныгъэ, еджак1уэхэм къазэрыщыхъу, экскурс, нэгъуэщ1хэри:
- **Мы къэк1уэну щытык1эхэр (формэхэр):** щхьэзакъуэ лэжьыгъэхэр, къэу1этэныгъэ, зэпсэлъэныгъэ, къэу1этыныгъэмрэ зэпсэлъэныгъэмрэ зэгъусэу, нэгъуэщ1хэри

**Еджак1уэхэм ягъуэта щ1эныгъэр къызэрапщытэ щ1ык1эхэр:**
**- жьэры1уатэу блэк1а темэхэр къапщытэк1эрэ,**
**- тхыгъэ лэжьыгъэхэр ятхк1эрэ,**
**-тест лэжьыгъэхэр ягъэзащ1эк1эрэ, нэгъуэщ1эхэри.**

***Ебланэ классым щеджэ еджак1уэм оценкэ зэрыхуагъэув щ1ык1эхэр:***

**Жьэры1уатэ жэуапхэм:**

**«5»** ягъэув ядж произведенэм и текстыыр тэмэму ищ1эмэ ик1и кууэ къыгуры1уэмэ; абы хэт ц1ыхухэм яку дэлъ зэхущытык1эр, я хьэл-щэнхэр, я 1уэхущ1афэхэр, 1уэхугъуэхэм я зэк1элъык1уэк1эр къызэрыгъэлъэгъуар ик1и тхак1уэм къигъэсэбэпа художественнэ средствэхэм я мыхьэнэр къыгуры1уэу тепсэлъыхьмэ; литературэм и теориер ищ1эмэ, теорием теухуауэ и1э щ1эныгъэр нэсу къигъэсэбэпмэ; произведенэм и содержанэм щытепсэлъыхьк1э лъэхъэнэм, гъащ1эм ирипхыфмэ; и бзэр дахэмэ , къулеймэ, гъэхуауэ ик1и зыхищ1эу, псынщ1агъ мардэм тету къеджэмэ.

«4» ягъэув ядж произведенэм и текстыыр тэмэму ищ1эмэ ик1и къыгуры1уэмэ; абы хэт ц1ыхухэм яку дэлъ зэхущытык1эр, я хьэл-щэнхэр, я 1уэхущ1афэхэр, 1уэхугъуэхэм я зэк1элъык1уэк1эр къызэрыгъэлъэгъуар ик1и тхак1уэм къигъэсэбэпа художественнэ средствэхэм я мыхьэнэр къыгуры1уэу тепсэлъыхьмэ; литературэм и теориер ищ1эмэ, произведенэр щызэпкърихк1э

литературэм и теориер къигъэсэбэлыфмэ; лъэхъэнэм, зэманым епхауэ произведенэр зэпкърихыфмэ; и бзэр, къеджэк1эр мы1еймэ. Ауэ и жэуапым щыщ1эныгъэу зы е т1у нэхъыбэ хэмытмэ.

**«3»** ягъэув, ядж произведенэр зэрищ1эр ик1и къызэрыгуры1уэр и жэуапым къуигъащ1эмэ; произведенэм хэт ц1ыхухэм яку дэлъ зэхущытык1эр, я хьэл-щэнхэр, я 1уэхущ1афэхэр, 1уэхугъуэхэм я зэхэлъык1эр къызэрыгъэлъэгъуар ик1и тхак1уэм къигъэсэбэпа художественнэ средствэхэм я мыхьэнэр къызэрыгуры1уэр къыжи1эфмэ; литературэм и теориер ищ1эмэ, ауэ произведенэр щызэркърихк1э тэмэму къимыгъэсэбэпымэ; произведенэм и содержанэм щытепсэлъыхьк1э лъэхъэнэм, гъащ1эм иримыпхыфмэ; и бзэм, къеджэк1эм щыщ1эныгъэ куэд и1эмэ; и жэуапым зэк1элъык1уэк1э тэмэм имы1эмэ.
**«2»** ягъэув ядж произведенэм и текстым емыджамэ, содержанэри щ1агъуэу имыщ1эмэ; литературэм и теорием щыщ гуэрхэри имыщ1эмэ; и бзэм, и къеджэк1эм зык1и аразэы укъимыщ1мэ.

**Тхыгъэ лэжьыгъэхэм**
**«5»** ягъэув, тхыгъэр зытепсэлъыхьыр тэмэму къыгуры1уэмэ ик1и зэк1элъык1уэу, гуры1уэгъуэу, тэмэму къи1уэтэжамэ, псалъэухахэр ек1уу иухуамэ, псалъэ лей къыхимыгъэхьамэ, пэжырытхэмк1э зы щыуагъэ ф1эк1 имыщ1амэ, нагъыщэ гъэувык1эмк1э щыуагъэу зы ф1эк1а хэмытмэ.

**«4»** ягъэув, тхыгъэр зытепсэлъыхьыр тэмэму къыгуры1уэмэ ик1и зэк1элъык1уэу, гуры1уэгъуэу, къи1уэтэжамэ, стилистическэ щыуагъэу зы – т1у, пэжырытхэмк1э щыуагъэу т1у, нагъыщэ гъэувык1эмк1э щыуагъэу зы – т1у ф1эк1а хэмытмэ.

**«3»** ягъэув, тхыгъэр зытепсэлъыхьыр мы1ейуэ  къыгуры1уэмэик1и къи1уэтэжмэ, ауэ къэ1уэтэжык1эм щыуагъэу зы – т1у нэхъыбэ хэмытмэ е и зэк1элъык1уэк1эм никъусаныгъэ мащ1э ф1эк1 имы1эмэ, тхыгъэм хэт стилистическэ щыуагъэхэр щы, пэжырытхзэмк1э ик1и нагъыщэ гъэувык1эмк1э щыуагъэхэр зэхэту блы нэхъыбэ мыхъумэ.

**«2»** ягъэув, къызэджар къызэрыгурымы1уар къыщи1уэтэжым къигъэлъагъуэу щыуагъэ зыбжанэ ищ1амэ, тхыгъэм зэк1элъык1уэныгъэ, зэпхыныгъэ яку имылъамэ, стилистическэ щыуагъэ зыбжанэ хэтмэ, пэжырытхэмк1э, нагъыщэ гъэувык1эмк1э щыуагъэхэр зэхэту блы нэхъыбэ ищ1амэ.

**Къызэрапщытэ лэжьыгъэхэм**
**«5»** ягъэув орфографическэ щыуагъэ е пунктуационнэ щыуагъэ зы ф1эк1 хэмытмэ.
**«4»** ягъэув орфографическэ щыуагъэу т1у пунктуационнуиэ щыуагъэу т1 у  ф1эк1 хэмытмэ е орфографическэ щыуагъэу зы нэхърэ пунктуационнэ щыуагъэу щы нэхърэ нэхъыбэ зыхэмыт диктантым.
**«3»** ягэув щыуагъэхэм я бжыгъэр орфографическэу пл1ырэ пунктуационнэу пл1ым е орфографическэу щырэ пунктуационнэу тхум щ1имыгъуу щытмэ, е офографическэу зыри хэмыту пунктуационнэу блы зыхэтым.
**«2»** ягъэув орфографическэ щыуагъэр блым, пунктуационнэ щыуагъэр блым щхьэдэхамэ е орфографическэу хырэ пунктуационнэу ирэ, орфографическэу тхурэ пунктуационнэу бгъурэ, орфографическэу ирэ пунктуационнэу хырэ хэтмэ.
**Хэслъхьа зэхъуэк1ыныгъэхэр**
**Сыхьэт 68-рэ сыхьэт 51-м хуэзгъэк1уащ**
**Яджам къытегъэзэжыным  сыхьэтит1 к1эрыдгъэхуащ.**
**Псалъэ зэпхам 1 сыхьэт к1эрыхуащ;**
**Пкъыгъуэ нэхъщхьит1ри зи1э псалъэуха къызэрык1уэхэм сыхьэтищ к1эрыхуащ;**
**Зы пкъыгъуэ нэхъыщхьэ зи1э псалъэухахэм 1 сыхьэт к1эрыхуащ;**
**Пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъу зи1э псалъэухахэм сыхьэтит1 к1эрыхуащ.;**

**Пкъыгъуэ пыщхьэхук1ахэм сыхьэтищ к1эрыхуащ;**
**Гъэм яджам къытегъэзэжыным хухих сыхьэтищыр зы сыхьэтым хуэдгъэк1уащ.**
**Бзэм зегъэужьыным хухих сыхьэт бжыгъэр сыхьэтитхум хуэдгъэк1уащ**

## Нэхъыщхьэу ягъуэтын хуей щэныгъэхэмрэ есэныгъэхэмрэ

**Еджак1уэхэм ящ1эн хуейщ:**
**морфологиемрэ орфографиемк1э:** глагол формэ хэхауэ къак1уэхэм (причастиемрэ деепричастиемрэ) я морфологическэ щытык1эхэр;
зылэжь причастиемрэ зэлэжь причастиемрэ зэрызэщхьэщык1 1уэхугъуэ нэхъыщхьэхэр;
причастиер зэхъуэк1а зэрыхъур; причастиер глаголым къызэрытек1 Щ1ык1эр;
деепричастиер къызэрыхъу щ1ык1эр;
деепричастием и спряженэм къыщхьэщызыгъэк1ыу хэлъыр; наречием и мыхьэнэр, морфологическэ щытык1эхэр; я мыхьэнэ елъытауэ наречиехэр зэрызэщхъэщык1 лЬужьыгъуэхэр; наречиехэм я къэхъукЬр; наречиехэм я тхыкЬхэм ехьэл1а хабзэхэр;
и щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэр, абыхэм я морфологическэ щытыкЬхэр;
послелогхэм щыщу нэхъыбэрэ къагъэсэбэпхэр; послелог мыхьэнэ я1эу къэк1уэнкЬ хъу нэгъуэщ! псалъэ лъэпкъыгъуэхэр;
союзхэр я мыхьэнэк1э зэрызэщхьэщык1ыр;
зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэм я тхык1эм теухуа хабзэхэр.

**Еджак1уэхэм яхузэф1эк1ын хуейщ:**
**морфологиемрэ орфографиемк1э:** причастие-определенэ щы1эц1эм и гъусэу къэк1уар падежкэ зэхъуэк1ын;
зы глагол лъабжьэм (лъэ1эсми, лъэмы1эсми) причастие зылэжьи зэлэжьи къытегъэк1ын;
глаголым суффикс зэхуэмыдэхэмк1э деепричастие къытегъэ к1ын;
щыпсалъэк1и, щытхэк1и лэжьыгъэм и щытык1эр, ар зэпхауэ къэхъу обстоятельствэ зэмыл1эужьыгъуэхэр наречие-синонимхэмк1э, антонимхэмк1э къэгъэлъэгъуэн;
послелог-синонимхэмрэ союз-синонимхэмрэ бзэм къыщыгъэсэбэпын;
частицэ, междометие къызыщык1уа псалъэухахэм тэмэму къеджэн;
зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэр зи щхьэ хущытхэм къыхэгъэк1ыфын;
союзуи послелогыуи къак1уэ псалъэхэр я къалэнк1э зэхэгъэк1ын;
пэщ1эдзэ, V-VII классхэм орфограммэхэмрэ пунктограммэхэмрэ теухуауэ щаджар я бзэм къыщагъэсэбэпыфын;

**бзэм зегъэужъынымк1э:**

ц1ыхум и теплъэр, лэжьыгъэр зэрек1уэк1ыр къэзыгъэлъагъуэ зэра1уатэ тхыгъэр зытепсэлъыхьыр убгъуауэ, к1эщ1у ик1и хэчыхьауэ къэ1уэтэжын;
ц1ыхум, лэжьыгъэр зэрек1уэк1ым тетхыхьын;
сюжет иратамк1э рассказ тхын;
езым и гупсысэхэр къэзы1уатэ сочиненэ тхын (езым я гъащ1эм къыщыхъуахэм теухуауэ), 1уэхугъуэ гуэрхэр къыхилъхьэу.

**Еджэныгъэр зэрызэхэлъымрэ абы къызэщ1иубыдэмрэ.**

| | | |
|---|---|---|
| **VII КЛАСС** | | 51 |
| **I. Адыгэбзэм теухуа беседэ** | | 2 |
| Адыгэбзэ алфавитым и тхыдэм щыгъуазэ щIын. Иджырей алфавитым и фIагъымрэ и щыщIэныгъэхэмрэ щыгъэгъуэзэн. | | |
| **II. Яджам къытегъэзэжын** | | 3 |
| **III. 1. Причастие** | | 10 |
| 1. Причастиер глагол формэ хэхауэ зэрыщыт: абы и мыхьэнэр, и морфологическэ щытыкIэхэр, игъэзащIэ синтаксическэ къалэнхэр. Зылэжь причастиерэ зэлэжь причастиерэ. Обстоятельственнэ причастиехэр. Зылэжь причастием и къэхъукIэр. Зэлэжь причастием и къэхъукIэр. Обстоятельственнэ причастиехэм я къэхъукIэр. Причастие зыгъэзэжххэр. Причастиер зэманкIэ зэхъуэкIа зэрыхъур. Причастнэ оборотыр.<br><br>2. Причастие-определенэр, щыIэцIэм дэщIыгъуу къыщыкIуэм деж, падежкIэ зэхъуэкIа зэрыхъур.<br>Причастие зылэжьымрэ зэлэжьымрэ я бзэм къыщагъэсэбэпын.<br>Зы глагол лъабжьэм (лъэIэсуи лъэмыIэсуи къыщыкIуэм) причастие зэлэжьи зылэжьи (къыщезэгъым) къытегъэкIын. | глагол формэ хэхауэ къакIуэхэм (причастиемрэ деепричастиемрэ) я морфологическэ щытыкIэхэр;<br>зылэжь причастиемрэ зэлэжь причастиемрэ зэрызэщхьэщыкI Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр;<br>причастиер зэхъуэкIа зэрыхъур;<br>причастиер глаголым къызэрытекI щIыкIэр;<br>причастие-определенэ щыIэцIэм и гъусэу къэкIуар падежкIэ зэхъуэкIын;<br>зы глагол лъабжьэм (лъэIэсми, лъэмыIэсми) причастие зылэжьи зэлэжьи къытегъэкIын. | |
| **2. Деепричастие** | | 5 |
| 1. Деепричастиер глагол формэ хэхауэ зэрыщыт: абы и мыхьэнэр, и морфологическэ щытыкIэхэр, игъэзащIэ синтаксическэ къалэнхэр. Деепричастиер къызэрыхъу щIыкIэр. Деепричастием и спряженэр. Деепричастиер зэманкIэ зэхъуэкIа зэрыхъум къыщхьэщызыгъэкI Iуэхугъуэу хэлъхэр. Деепричастие зыгъэзэжххэр. Деепричастие оборотыр.<br>2. Деепричастиер глаголым и суффикс **-у, -уэ, -урэ**-хэмкIэ къытегъэкIын.<br>Деепричастием и спряженэм хэлъ щытыкIэхэр я бзэм къыщагъэсэбэпыфын. | деепричастиер къызэрыхъу щIыкIэр;<br>деепричастием и спряженэм къыщхьэщызыгъэкIыу хэлъыр;<br>глаголым суффикс зэхуэмыдэхэмкIэ деепричастие къытегъэкIын. | |
| **3. Наречие** | | 6 |
| 1. Наречиер зи щхьэ хущыт псалъэ | наречием и мыхьэнэр, | |

| | | |
|---|---|---|
| лъэпкъыгъуэу зэрыщыт: абы и мыхьэнэр, и морфологическэ щытыкIэхэр, игъэзащIэ синтаксическэ къалэнхэр. Я мыхьэнэ елъытакIэ наречиер зэрызэщхьэщыкI лIэужьыгъуэхэр.<br>Наречиехэм я къэхъукIэр. Наречиехэм я тхыкIэр. Егъэпщэныгъэ, егъэлеиныгъэ къызэрыкI наречиехэр, абыхэм я тхыкIэр.<br>2. Лэжьыгъэм и щытыкIэр, ар зэпхауэ къэхъу обстоятельствэхэр наречие-синонимхэмкIэ, антонимхэмкIэ къэгъэлъэгъуэфын. Зы лэжьыгъэм иIэнкIэ хъуну щытыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ абы къыхуэкIуэнкIэ хъуну обстоятельствэмрэ наречие псалъэхэмкIэ къэгъэлъэгъуэн. | морфологическэ щытыкIэхэр;<br>я мыхьэнэ елъытауэ наречиехэр зэрызэщхьэщыкI лIэужьыгъуэхэр;<br>наречиехэм я къэхъукIэр;<br>наречиехэм я тхыкIэхэм ехьэлIа хабзэхэр;<br>щыпсалъэкIи, щытхэкIи лэжьыгъэм и щытыкIэр, ар зэпхауэ къэхъу обстоятельствэ зэмылIэужьыгъуэхэр наречие-синонимхэмкIэ, антонимхэмкIэ къэгъэлъэгъуэн. | |
| **IV. Зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэмкIэ гурыIуэгъуэ** | | 1 |
| Зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэмкIэ гурыIуэныгъэ. | Зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэр, абыхэм я морфологическэ щытыкIэхэр;<br>зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэр зи щхьэ хущытхэм къыхэгъэкIыфын;<br>зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэм я тхыкIэм теухуа хабзэхэр. | |
| **1. Послелог** | | 2 |
| 1. Послелогыр зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэу зэрыщыт: абы и морфологическэ щытыкIэхэр, игъэзащIэ синтаксическэ къалэнхэр. Послелогхэм щыщу бзэм нэхъыбэрэ къыщагъэсэбэпхэр. Нэгъуэщ| псалъэ лъэпкъыгъуэхэр послелог мыхьэнэ яIэу къэкIуэнкIэ зэрыхъу. Послелогхэм я тхыкIэр.<br>2. Послелог-синонимхэр къэгъэсэбэпын. | послелогхэм щыщу нэхъыбэрэ къагъэсэбэпхэр;<br>послелог мыхьэнэ яIэу къэкIуэнкIэ хъу нэгъуэщI псалъэ лъэпкъыгъуэхэр;<br>послелог-синонимхэр бзэм къыщыгъэсэбэпын. | |
| **2. Союз** | | 3 |
| 1. Союзхэр зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэу зэрыщыт. Союзхэр я мыхьэнэ елъытауэ зэрызэщхьэщыкI. Сочинительнэ, подчинительнэ союзхэр. Союз зэхэлъ, зэхэтхэр. Союзхэм я тхыкIэр.<br>2. Союз-синонимхэр я бзэм къыщагъэсэбэпыфын. | союзхэр я мыхьэнэкIэ зэрызэ-щхьэщыкIыр;<br>союзуи послелогыуи къакIуэ псалъэхэр я къалэнкIэ зэхэгъэкIын;<br>союз-синонимхэр бзэм къыщыгъэсэбэпын. | |
| **3. Частицэ** | | 2 |
| 1. Частицэхэр зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэу зэрыщыт: абыхэм я мыхьэнэр, | Частицэ къызыщыкIуа псалъэухахэм тэмэму къеджэн. | |

| | | |
|---|---|---|
| я морфологическэ щытыкIэхэр, ягъэзащIэ синтаксическэ къалэнхэр. Частицэхэм я тхыкIэхэр.<br>2. Частицэ къызыщыкIуа псалъэухам гъэхуауэ къеджэн. | | |
| **4. Междометие** | | 1 |
| 1. Междометие псалъэ лъэпкъыгъуэу зэрыщыт: абы и морфологическэ щытыкIэхэмрэ игъэзащIэ синтаксическэ къалэнхэмрэ.<br>Междометиехэм яIэ мыхьэнэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Макъым зэрызыпащIыж междометиехэр.<br>Междометиехэм я тхыкIэр. Междометиехэм я ужькIэ ягъэув нагъыщэхэр; запятой, хэIэтыкIа нагъыщэ.<br>2.Междометие зыхэт псалъэухахэм гъэхуауэ къеджэфын. | Междометие къызыщыкIуа псалъэухахэм тэмэму къеджэн. | |
| **V. Гъэ псом яджам къытегъэзэжын** | | 3 |
| | ПэщIэдзэ,V-VI классхэм орфограммэхэмрэ пунктограммэхэмрэ теухуауэ щаджар я бзэм къыщагъэсэбэпыфын. | |
| **VI. Бзэм зегъэужьын** | | 13 |
| ЦIыхухэм я теплъэр къэзыгъэлъагъуэ зэраIуатэ тхыгъэр зытепсэлъыхьыр убгъуауэ, кIэщIу икIи хэчыхьауэ къэIуэтэжын. ЦIыхум и теплъэр къыщыгъэлъэгъуа сочиненэ-описание (езым и кIэлъыплъыныгъэкIэ, сурэткIэ) тхын, литературнэ лIыхъужьхэм тхыгъэкIэ характеристикэ етын. ЩIызэныкъуэкъу гуэрым теухуауэ езым и гупсысэхэр къэзыIуатэ сочиненэ (еджакIуэхэм я гъащIэм къыщыхъуа е къызэджа тхыгъэм тещIыхьауэ), сюжет иратамкIэ сочиненэ тхын. | цIыхум и теплъэр, лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр къэзыгъэлъагъуэ зэраIуатэ тхыгъэр зытепсэлъыхьыр убгъуауэ, кIэщIу икIи хэчыхьауэ къэIуэтэжын;<br>цIыхум, лэжьыгъэр зэрекIуэкIым тетхыхьын;<br>сюжет иратамкIэ рассказ тхын;<br>езым и гупсысэхэр къэзыIуатэ сочиненэ тхын (езым я гъащIэм къыщыхъуахэм теухуауэ) тхыгъэ кIэщI тхын, Iуэхугъуэ гуэрхэр къыхилъхьэу. | |

**Адыгэбзэ 7-нэ «А» «Б» класс 51 ч.(1,5 ч.)**
**Календарно-тематическэ план**

| Щаджын хуей махуэр | Щаджа махуэ | № | Темэхэр | Сыхьэт бжыгъэр | Урокыр зыхуэдэр | Примечание |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **01.09.2022 г.** | | **1** | Адыгэ алфавитым и тхыбзэ. П.1 | 1 | **беседэ** | |
| **08.09.2022г.** | | **2** | Иджырей адыгэбзэ алфавитыр,орфографие.П.2 | 1 | **беседэ** | |
| **09.09.2022 г.** | | **3** | Фонетика.Лексикэ.Орфогра-фие П.3 | 1 | **Практическэ лэжьыгъэ** | |
| **15.09.2022г.**<br>**16.09.2022 г.** | | **4-5** | Къызэрапщытэ диктант, грамматическэ лэжьыгъэ щ1ыгъуу | 2 | **Я щ1эныгъэр къыщапщытэ урок** | |
| **22.09.2022 г.** | | **6** | Псалъэ къэхъук1э.Морфоло-гие.П.4 | 1 | **къэпщытэжын** | |
| **23.09.2022 г.** | | **7** | Псалъэухахэр, абыхэм я нагъыщэхэр зэрыщагъэув щ1ык1эр.П.5 | 1 | **Зэгъусэу зэдэлэжьэн** | |
| **29.09.2022 г.** | | **8** | Причастие л1эужьыгъуэхэр: зылэжьрэ, зэлэжьрэ.П.6-7 | 1 | **Щ1эм щыщыгъуазэ** | |
| **30.09.2022 г.** | | **9** | Зылэжь причастием и къэхъук1эр.П.8 | 1 | **Зэгъусу зэдэлэжьэн** | |
| **06.10.2022 г.**<br>**07.10.2022г.** | | **10-11** | Б/З. Изложенэ «Пц1ащхъуэ ц1ык1у»<br>Хуэзыгъэхьэзыр лэжьыгъэ | 2 | **Бзэм зегъэужьын** | |
| **13.10.2022г.** | | **12** | Зэлэжь причастием и къэхъук1эр.П.9 | 1 | **Зэгъусэу зэдэлэжьэн** | |
| **14.10.2022 г.** | | **13** | Обстоятельственнэ причастиехэр,обстоятель-нэ причастием и къ-р.П.10-11 | 1 | **Щ1эм щыщыгъуазэ** | |
| **20.10.2022 г.** | | **14** | Тестовэ лэжьыгъэ етын | 1 | **Зэгъусэу зэдэлэжьэн** | |
| **21.10.2022 г.** | | **15** | Причастие зыгъэзэжхэр.П.12 | 1 | **Щ1эм щыщыгъуазэ** | |
| **27.10.2022г.** | | **16** | Причастиер зэманк1э зэхъук1а зэрыхъур.П.13 | 1 | **Я щ1эныгъэр къыщапщытэ урок** | |
| **10.11.2022г.** | | **17** | Причастиер щхьэк1э зэхъуэк1а зэрыхъур. П.14 | 1 | **Зэгъусэу зэдэлэжьэн** | |
| **11.11.2022 г.** | | **18** | Причастиер падежк1э,бжыгъэк1э зэхъуэк1а зэрыхъур.П.15 | 1 | **Зэгъусэу зэдэлэжьэн** | |
| **17.11.2022 г.** | | **19** | Причастиер къэпщытэжын.Словарнэ лэжьыгъэ егъэк1уэк1ын | 1 | **Зэгъусэу зэдэлэжьэн,** | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **18.11.2022 г.** | | **20** | Причастнэ оборотыр.П16-17 | 1 | **Щ1эм щыщыгъуазэ** | |
| **24.11.2022г. 25.11.2022 г.** | | **21 - 22** | Бз/з. Сочиненэ | 2 | **Бзэм зегъэужьын** | |
| **01.12.2022г.** | | **23** | Деепричастиер къызэрыхъу щ1ык1эр.П.18-19 | 1 | **комбинированнэ** | |
| **02.12.2022 г.** | | **24** | Деепричастиер щхьэк1э, бжыгъэк1э зэхъуэк1а зэрыхъур. П20 | 1 | **Зэгъусэу зэдэлэжьэн** | |
| **08.12.2022 г.** | | **25** | Деепричастием и зэман формэр.П21 | 1 | **Практическэ лэжьыгъэ** | |
| **09.12.2022 г.** | | **26** | Деепричастнэ оборотхэр.П.22 | 1 | **Щ1эм щыщыгъуазэ** | |
| **15.12.2022 г. 16.12.2022г.** | | **27 - 28** | .Къызэрапщытэ диктант, грамматическэ лэжьыгъэ щ1ыгъуу. «Къурмэн къигъэзэжащ» | 2 | **Щ1эныгъэ къыщапщытэ** | |
| **22.12.2022 г.** | | **29** | Деепричастиер морфологи-ческэк1э зэпкърыхын.П.23 | 1 | **Щхьэзакъуэ лэжьыгъэ** | |
| **23.12.2022 г.** | | **30** | Наречиер къызэрыхъу щ1ык1эр.П24-25 | 1 | **Щ1эм щыщыгъуазэ** | |
| **13.01.2023 г.** | | **31** | Суффикс у//уэ-к1э плъыфэц1эм къытек1 наречиехэр.П.26 | 1 | **Зэгъусэу зэдэлэжьэн** | |
| **20.01.2023г.** | | **32** | Суффикс у//уэ-к1э,э,-рэ-к1э бжыгъэц1эхэм къатек1 бжыгъэц1э-наречиехэр.П.27 | 1 | **Зэгъусэу зэдэлэжьэн** | |
| **27.01.2023 г. 03.02.2023г.** | | **33 - 34** | Б/з Изложенэ | 2 | **Я щ1эныгъэр къыщапщытэ урок** | |
| **10.02.2023 г.** | | **35** | Суффикс у//уэ-к1э, -дэ-к1э ц1эпапщ1эхэм къытек1 ц1эпапщ1э- наречиехэр.П.28 | 1 | **Практическэ лэжьыгъэ** | |
| **17.02.2023 г.** | | **36** | Щы1эц1эхэм, плъыфэц1эхэм, наречиехэм къытек1 наречиехэр.П.29 | 1 | **Зэгъусэу зэдэлэжьэн** | |
| **24.02.2023г.** | | **37** | Наречие зэхэлъхэр,абыхэм я тхык1эр.Наречиер морфоло-гическэк1э зэпкъ-гъэ.П30-31 | 1 | **Зэгъусэу зэдэлэжьэн** | |
| **03.03.2023 г. 10.03.2023 г.** | | **38 39** | Къызэрапщытэ диктант,грам-матическэ лэжьыгъэ щ1гъуу | 2 | **Бзэм зегъэужьын** | |
| **17.03.2023 г.** | | **40** | Зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэр.Послелогым и мыхьэнэр.П.32-33 | 1 | **Зэгъусэу зэдэлэжьэн** | |
| **24.03.2023г. 07.04.2023г. .** | | **41** 42 | Союз къызэрык1уэ, зэхэлъ, зэхэт. Абыхэм я | 2 | **Щ1эм щыщыгъуазэ** | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | тхык1эр.П.34-35 | | | |
| **14.04.2023 г.<br>21.04.2023г.** | | **43<br>44** | Послелогым щыщу бзэм нэхъыбэрэ къыщагъэсэбэпыр | 2 | **Бзэм загъэужьын** | |
| **28.04.2023 г.** | | **45<br>46** | Частицэм я тхык1эр.Частицэр морфологическэк1э зэпкърыхыныгъэ.П.П.37-38 | 2 | **Практическэ лэжьыгъэ** | |
| **.<br>05.05.2021 г.** | | **47** | Б/з сочиненэ к1эщ1 сурэтк1э , жьэры1уатэу | 1 | **Щ1эныгъэ къыщапщытэ** | |
| **12.05.2021 г.** | | **48** | Междометием и мыхьэнэр.П.39 | 1 | **беседэ** | |
| **19.05.2021г.** | | **49** | Къызэрапщытэ диктант «Экскурс док1уэ» | 1 | **Къызэщ1эзы къуэж урок** | |
| **26.05.2021г.<br>26.05.2023г.<br>.** | | **50<br>51** | Гъэ псом яджам къытегъэзэжын..П.П.40-41 | 2 | **Къызэщ1эзы къуэж урок** | |

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

СВЕДЕНИЯ О СЕРТИФИКАТЕ ЭП

Сертификат 726242342903868691666490759959119263676517201139

Владелец Гетокова Римма Юрьевна

Действителен С 12.09.2023 по 11.09.2024